



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PRAL KÒMANSE TESTE NOUVO REVÈY KONTAREBOU AK EKTRAN DIJITAL KI NAN METWO AK BIS MTA A YO

Yo ap Kòmanse Teste Nouvo Revèy Kontarebou Ki sou Liy Metwo ki Gen Lèt yo

MTA ap Akòde Kontra pou yon Nouvo Pwogram Pilòt ki Gen pou Objektif pou yo Enstale Ekran Dijital pou Afiche Enfòmasyon nan Bis yo

Reprezantasyon Imaj ki Gen Rezolisyon Elve revèy Kontarebou a yo Disponib [Isit la](#) epi Imaj Ekran Dijital la yo Disponib [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke MTA pral kòmanse teste revèy kontarebou pou liy metwo ki gen lèt yo ak ekran dijital bis MTA a yo. Aprèmidi a, MTA pral kòmanse peryòd tès revèy kontarebou a yo ki pal dire 90 jou nan uit estasyon metwo ki nan liy N, Q, ak R la yo, epi yo gen pou objektif pou yo enstale revèy sa yo nan tout 269 estasyon liy ki gen lèt yo. An plis de sa, jodi a MTA te akòde twa kontra pou yo fè yon pwogram pilòt sou 131 bis pou enstale ekran dijital pou afiche enfòmasyon – yo gen pou yo evantyèlman enstale menm ekran sa yo nan tout 3.600 bis yo. Investisman enpòtan sa yo ap pèmèt plan Gouvènè Cuomo genyen pou l transfòme MTA a pou vin yon sistèm inovatè, yon atizay depwent ki amelyore sèvis alakliyantèl epi ki gen ekipman premye klas, epi ki fè pati Pwogram Finansman 27 milya dola MTA a genyen pou senk an, avanse pou pi devan.

Gouvènè Cuomo te di: “Mezi sa yo se etap ki pi resan pou rive rekonstwi epi transfòme MTA a pou l vin yon rezo transpò inifye, yon atizay depwent ki pral reponn a bezwen Nouyòkè yo genyen kounye a, ak bezwen jenerasyon k ap vini yo. Avèk nouvo teknoloji mizajou sa yo, nou pral ede asire pasaje yo gen enfòmasyon you bezwen pou yo ka ale nenpòt kote yo bezwen ale.”

Tès Revèy Kontarebou a yo:

Yo pral kòmanse ap fè tès nan estasyon metwo ki nan ri sa yo: 23rd Street; 28th Street; 34th Street; 42nd Street; 49th Street; 57th Street; 5th Avenue/59th Street; ak Lexington Avenue/59th epi yo pral gen ladan yo de revèy kontarebou ki gen ekran LCD mizajou yo. Ekran LCD a yo, ki sanble ak yon ekran òdinatè, gen kapasite pou yo afiche anons sèvis piblik ak lòt enfòmasyon ankò – se yon pa vè lavan ke ekran dijital nou itilize kounya yo pa genyen. Revèy kontarebou yo ap sèvi 176 estasyon nan moman sa, ki

gen ladan 24 estasyon liy L la yo, epi nou pral evantyèlman enstale yo nan tout 269 estasyon liy ki gen lèt la yo.

- **Nouvo Teknoloji Pou Revèy Kontarebou a yo:** Nouvo revèy la yo ap itilize teknoloji ki dirèk, ke itilizasyon yo koute mwen chè, epi yo pa bezwen yon gwo enfrastrikti pou yo fonksyone. Sistèm lan itilize rezo san fil ak enfòmatrik demateryalize ki la deja nan estasyon an yo, epi li bezwen itilize kat reseptè Bluetooth ki pou plase nan chak estasyon, de sou chak platfòm estasyon an yo. Reseptè sa yo kominike ak kat aparèy Bluetooth ke yo te enstale nan premye ak dènye kabin nan chak tren ki sou liy lan yo. Chak fwa tren an antre epi soti, sistèm lan itilize lè li te rive a ak lè li te kite a pou l estime a kilè tren an ap rive nan lòt estasyon sou liy pakou li a, epi li afiche lè li rive a yo nan de ekran dafich LCD ke yo te enstale nan chak estasyon an yo.
- **Prèy Etap Konsepsyon Pou Revèy Kontarebou a yo:** Pandan peryòd 90 jou tès revèy yo, MTA pral travay pou l idantifye epi korije nenpòt pwoblèm ki gen nan sistèm lan. Objektif la se pou yo evalye presizyon enfòmasyon sou kote tren an ye a yo, pèfòmans enfrastrikti rezo san fil ki nan transpò komen an, pèfòmans afich LCD a yo, sekirite fizik ak rezo aparèy Bluetooth yo, sekirite enfòmasyon yo ap transmèt yo, ak aksè entèn, epi itilizasyon enfòmasyon yo pwodwi yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif MTA a, Thomas F. Prendergast te di: “Gouvènè Cuomo bay MTA a defi pou l devlope yon apwòch agresif pou yo mete revèy kontarebou a yo sou liy ki gen lèt la yo, epi repons ekip teknoloji nou an te fenomenal. Apre yon òdonans kout dire, yo te devlope yon sistèm ki fasil pou itilize, epi ki pa koute chè ke nou panse pral jwe yon wòl santral lè nou mete sèvis sa disponib pou plis e plis kliyan ankò. Nou ap atann pou n konn rezilta tès la yo, epi pou n ka devlope yon plan enstalasyon global ki baze sou rezilta nou jwenn yo.”

Pwogram Pilòt Sou Ekran Dijital Ki Afiche Enfòmasyon an yo:

Jodi a, MTA te akòde twa kontra pou yon nouvo pwogram pilòt pou enstale ekran dijital ki afiche enfòmasyon nan 131 bis, epi objektif la se pou yo rive mete yo sou tout 3.600 bis yo, nan kad plan Gouvènè Cuomo genyen pou l transfòme, renouvle, epi agrandi rezo MTA a konplètman.

Ekran dijital la yo pral ofri enfòmasyon odyovizyèl konsènan wout la yo, epi afiche enfòmasyon sou pwochen arè estasyon yo, enfòmasyon sou sèvis ransèyman ak enfòmasyon sou vwayaj, ki gen ladan tou kote ak lè gen transfè yo. Yo pral gen kapasite pou yo afiche piblisite ki pou chak zòn egzat kote yo ye a, ki pral pèmèt ouvè plis opòtinite pou afiche piblisite nan MTA a. Kontra yo vin yon total 1.6 milyon dola pou twa founisè ki pou jere enstalasyon ak entretyen ekran dijital ki afiche enfòmasyon sa yo pou twa wout:

- M15 SBS la, ki se yon wout sou Manhattan ki soti East Harlem rive South Ferry.
- B46 SBS la, ki se yon wout sou Brooklyn ki soti Williamsburg Bridge Plaza pou rive Kings Plaza Shopping Center.
- S79 SBS la, ki soti Bay Ridge, Brooklyn pou rive Staten Island Mall.

Selon kontra sa yo, yo pral mete ekran pou pilòt sa yo nan 131 bis, yo pral teste epi evalye konsepsyon ak teknoloji pou itilizasyon yo nan flòt Transpò Piblik NYC a yo ki gen bis atikile ki mache sou dizèl, oswa ki ibrid yo. MTA a nan pwosesis pou yo idantifye yon katrinyèm founisè ankò pou pilòt la. Yo pral ekipe chak bis ak ekran dijital ki gen teknoloji ki ka reziste sekous, ki ka kontwole de ou twa ekran dijital nan bis la anmenm tan, depandan de gwosè yo (chak bis estanda ki mezire 40 pye a yo pral gen de ekran, epi bis atikile a yo pral gen 3 ekran). Chak sistèm gen ladan yo yon inite ki trete videyo epi yon sistèm jesyon kontni pou pèmèt pwogramasyon adistans.

Kòmanse an 2017, nouvo bis yo pral livre MTA a yo pral tou ekipe ak ekran dijital ki afiche enfòmasyon yo. Nan senk ane k ap vini an yo, plis pase 2.000 bis atizay depwent sa yo pral ranplase preske mwaye flòt bis MTA a genyen kounye a yo, epi yo pral ekipe flòt ki la deja yo avèk teknoloji ekran dijital la yo. Pilòt pou ekran dijital nan bis la yo fè pati yon pi gwo investisman 2 milya dola nan sistèm bis la, ki gen ladan 1.3 milya dola ki pou nouvo flòt bis ak kabin pou sèvis lokal ak sèvis ekspres yo.

Eleman ki te fè pati pwogram amenajman yo an jeneral gen ladan yo:

- Entwodiksyon 2.042 nouvo bis ki gen atizay depwent avèk WIFI ak estasyon pou chaje batri abò flòt MTA a yo pandan senk ane k ap vini yo.
- Pwogram pilòt pou nouvo teknoloji yo gen pou objektif pou amelyore sekirite kliyan ak pasaje yo, ki gen ladan yon sistèm avètisman pou pyeton yo ki pral enstale nan 200 bis, epi yon sistèm teknoloji ki pou ede evite fè kolizyon yo pral enstale nan 145 bis. Aprè tè sa yo fin fèt avèk siksè, yo pral enstale teknoloji sa yo sou 1.600 bis apati mitan ane 2018 la.
- Yo pral relanse bis Q70 ki bay sèvis limite ki rele “LaGuardia Link”, avèk yon dizay inik pou ede kliyan ak touris yo jwenn kote yo prale pi rapid ant Ayewopò LaGuardia ak de lòt estasyon piblik rejyonal ki nan Queens ki konekte ak senk liy metwo, Chemen Tren Long Island lan ak sèt liy bis. Wout ki gen sounon “LaGuardia Link” lan pral vin disponib pou kèk sèvis bis yo chwazi ki itilize teknoloji pri andeyò kabin lan, ki ap pèmèt kliyan peye alavans epi antre epi soti nan nenpòt pòt bis la yo, sa pral elimine tan moun konn ap rete tann pou peye pou yon sèl ale, epi diminye tan darè bis la yo fè nan chak estasyon arè yo. [LaGuardia Link](#) pral kontinye ofri vwayajè yo bon jan etajè pratik pou yo mete valiz oswa malèt yo.

###